

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar sababaraha hal nya éta ngeunaan desain panalungtikan, latar panalungtikan anu ngawengku lokasi panalungtikan, sumber data, jeung waktu panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data

3.1 Desain Panalungtikan

Métode panalungtikan mangrupa salahsahiji cara pikeun ngahontal tujuan panalungtikan (Arikunto, 2006:150).

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode deskriptif. Métode deskriptif nya éta métode anu bisa ngungkulan pasualan nu aktual ku cara ngumpulkeun jeung nafsirkeun data.

Numutkeun Suyatna (2002:14) tujuan tina métode deskriptif nya éta pikeun méré/ngadéskripsikeun atawa nyieun gambaran sacara sistematis, paktual jeung akurat ngeunaan pakta-pakta jeung sipat-sipat populasi. Dina prak-prakanana, métode deskriptif lain ngan saukur ngumpulkeun data jeung nyusun data tapi ngawengku ogé ngaanalisis jeung interprétasi ngeunaan éta data.

Alesan ngagunakeun métode deskriptif, lantaran luyu jeung tujuan anu hayang dihontal tina ieu panalungtikan, nya éta hayang ngadéskripsikeun ngeunaan wanda kecap pagawéan anu kapanggih dina karangan pangalaman siswa Kelas VII-A SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2010/2011, ma'an inhéren


kecap pagawéan dina éta karangan pangalaman siswa kelas VII-A SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2010/2011, katut bahan pangajaranana.

Dina ieu panalungtikan aya sababaraha léngkah panalungtikan nya éta: (1) maca karangan siswa, (2) nyirian kecap pagawéan, (3) nyalin kecap pagawéan. (4) ngolah data kecap pagawéan, (5) ngadéskripsikeun data dumasar kana wanda jeung ma'na inhérenna, jeung (6) nyieun kacindekkan.

Sangkan leuwih jéntré léngkah-léngkah panalungtikan ti awal nepi ka ahir bisa dititénan dina bagan ieu di handap.

Bagan 3.1

Desain Panalungtikan



3.2 Latar Panalungtikan

Latar dina ieu panalungtikan téh ngawengku lokasi panalungtikan, Sumber data, jeung waktu panalungtikan.

3.2.1 Lokasi Panalungtikan

Dina kagiatan panalungtikan, tangtuna kudu aya lokasi pikeun diayakeunana panalungtikan. Ku kituna, Lokasi dina ieu panalungtikan nya éta dilaksanakeun di SMP Pasundan 3 Bandung nu pernahna di jalan Bapa Husen Belakang No. 4 Kota Bandung.

3.2.2 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta karangan pangalaman siswa kelas VII-A SMP Pasundan 3 Bandung kelas taun ajaran 2010/2011 anu jumlahna aya 33 siswa. Tina éta sumber data dicokot sakabéh kecap pagawéan anu ngandung ma'na inhéren.

3.2.3 Waktu Panalungtikan

Waktu dilaksanakeunna panalungtikan nya éta tanggal 18 Nopember 2010 di kelas VII-A, kagiatanana nya éta ngumpulkeun data karangan pangalaman siswa kelas VII-A SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2010/2011, anu saméméhna siswa geus dibéré pancén dititah nyieun karangan pangalaman. Sanggeus sakabéh data kakumpul, éta data anu mangrupa hasil karangan pangalaman siswa téh tuluy dianalisis.

3.3 Wangenan Operasional

Sangkan panalungtikan jelas nyindekelna, aya istilah-istilah dina ieu panalungtikan nu perlu ditétélakeun saperti ieu di handap.

- 1) Ma'na Inhéren dina ieu panalungtikan téh nya éta ma'na inhéren kecap pagawéan nu aya dina karangan pangalam siswa kelas VII-A SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2010/2011;
- 2) Kecap pagawéan (*verba*) nya éta kecap anu nuduhkeun paripolah atawa gawé jalma jeung mahluk séjén saperti tutuwuhan jeung sasatoan. Contona: *nulis*, *nyarandé*, *indit*, *asup*. Sacara semantis kecap pagawéan nya éta kecap anu nuduhkeun paripolah atawa gawé jalma jeung mahluk séjén saperti tutuwuhan jeung sasatoan (Sudaryat, 2003:68).
- 3) Karangan pangalaman nya éta karangan anu jieun ku siswa Kelas VII-A SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2010/2011.
- 4) Bahan pangajaran nya éta bahan anu dibikeun ka siswa dina waktu lumangsungna prosés diajar-ngajar. Pikeun ngahontal tujuan pangajaran.

Jadi, anu dimaksud ku “Ma'na Inhéren Kecap Pagawéan basa Sunda dina Karangan Pangalaman Siswa Kelas VII-A Pasundan 3 Bandung Taun Ajaran 2010/2011 katut Bahan Pangajaranana” nya éta kecap pagawéan anu dianalisis tina jihat ma'na inhéren, wanda, jeung bahan pagajaran di SMP.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Nyusun instrumén panalungtikan mangrupa salah sahiji léngkah anu kalintang pentingna dina kagiatan panalungtikan. Instrumén panalungtikan nya éta

alat atawa fasilitas nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan pagawéanna leuwih gampang, jeung hasilna leuwih hadé, dina harti leuwih taliti, lengkep, jeung sistematis sahingga leuwih gampang diolah (Arikunto, 2006:160)

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta sistem korpus data jeung tés.

1) Korpus Data

Cara ngagaunakeun kartu data nya éta ku cara nyalin sakabéh ma'na inhéren kecap pagawean basa Sunda nu aya dina karangan siswa kelas VII-A SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2010/2011 kana kartu anu geus disadiakeun sarta disusun kalawan alfabétis. Data kecap pagawéan dicutat karanganna nya éta *Karangan Pangalaman Siswa (KPS)* pikeun ngawakilan idéntitas karangan pangalaman siswa kelas VII-A SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2010/2011 , dilengkepan ku daftar runtuyan karangan, paragraf, jeung jajaran dicokotna éta kecap.

Sangkan leuwih jéntré tengetan conto kartu data di ieu handap.

Conto kartu data:

A

Kecap Pagawéan : Ameng (KPS/17/2/9)

Wanda : Dinamis

Ma'na Inhéren : Kalakuan

2) Lambaran Tés

Tés dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngumpulkeun data karangan pangalaman siswa Kelas VII-A SMP Pasundan 3 Bandung anu jumlahna aya 33 siswa. Pedoman tésna nya éta:

1. Pilih hiji topik nu matak ngirut tina pangalaman sapopoe
2. Jieun bubuka anu merenah
3. Caritakeun rupa-rupa kajadian nu aya dina eta pangalaman!
4. Gunakeun basa anu hade tur merenah!
5. Jieun panutup anu merenah

3.5 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik dokumentasi, analisis teks, jeung téhnik tés. Data-data satuluyna dikumpulkeun pikeun dianalisis salila panalungtikan.

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta wangun tinulis nu mangrupa karangan pangalaman siswa kelas VII-A SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2010/2011. Ku kituna, téhnik dokumentasi luyu pikeun digunakeun pikeun ngumpulkeun data karangan pangalaman siswa.

Analisis téks digunakeun pikeun ngaanalisis bahan atawa data anu geus dikumpulkeun, diteuleuman, dipesék nepi kapanggih ma'na inhéren kecap pagawéan dina karangan pangalam siswa Kelas VII-A SMP Pasundan 3 Bandung Taun Ajaran 2010/2011.

Numutkeun Djemari (2008:67) tés mangrupa salahsahiji cara pikeun naksir kamampu hiji jalma sacara teu langsung, nya éta ngaliwatan respon hiji jalma kana stimulus atawa patalékan. Tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngumpulkeun data karangan pangalaman siswa kelas VII-A SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2010/2011.

Dumasar téhnik di luhur, data dikumpulkeun ngaliwatan léngkah-léngkah di handap ieu:

- 1) guru ngalaksanakeun tés nya éta ku cara méré papancén ka siswa nyieun karangan pangalaman;
- 2) sanggeus guru ngayakeun tés, tuluy éta hasil karangan siswa dikumpulkeun;
- 3) hasil data anu mangrupa karangan siswa geus kakumpul, éta data tuluy dibaca;
- 4) nyirian kecap-kecap anu kaasup kana kecap pagawéan dina éta karangan pangalaman siswa kelas VII-A SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2010/2011;
- 5) nyalin sakabéh kecap pagawéan kana kartu data sakalian nangtukeun idéntitasna;
- 6) milah-milah korpus dina kartu data; jeung
- 7) mindahkeun data tina kartu data kana tabél.

3.6 Téhnik Ngolah Data

Sanggeus data kakumpul, terus éta data téh diolah anapon léngkah-léngkahna nya éta:

- 1) sanggeus data dikumpulkeun tuluy disalin dina kartu data, data dipasing-pasing dumasar kana wanda jeung ma'an inhérenna;
- 2) cara milah-milahna nya éta ku cara ngagolongkeun korpus anu idéntitas atawa miboga ciri anu sarua;
- 3) sanggues sakabéh korpus dipasing-pasing, tuluy dipindahkeun kana tabél data;
- 4) ngadéskripsikeun kecap pagawéan dumasar kana ma'na inhérenna;
- 5) ma'na inhéren kecap pagawean dipilih tur diluyukeun jeung kriteria milih bahan pangajaran pikeun dipidangkeun dina model bahan ajar/pangajaran; jeung
- 6) sanggeus réngsé hasil panalungtikan dicindekkeun, satuluyna ieu panalungtikan téh disusun jadi laporan dina wangun skripsi kalawan maké katangtuan anu geus ditangtukeun.